

VIZYON AK APRANTISAJ FÈ KONEKSYON AN

ANPIL TIMOUN, MENM TIMOUN PITI,
GENYEN PWOBLÈM VIZYON.

**Kòman m ka fè konnen si pitit mwen
genyen difikilte pou l wè??**



Lòske l antre nan jadendanfan, ak chak ane apre sa, pitit ou an ap genyen yon depistaj vizyon nan lekòl li an oubyen kay yon pedyat.

**SI PITIT OU AN PA PASE DEPISTAJ VIZYON SA A
PA RET TANN. MENNEN PITIT OU KAY YON DOKTÈY JE
POU YON EGZAMEN KONPLÈ TOUSUIT.**



Children's Vision
Massachusetts

Open Eyes. Open Doors.

Si pitit mwen pa pase depistaj vizyon an, epi/oubyen mwen panse li genyen difikilte pou l wè, ki sa m dwe fè?

- **Pran yon randevou avèk yon doktè je jodi a. Pa tann.** Si pitit ou an genyen yon pwoblèm vizyon, li p ap rezoud pou kont li. Yon pwoblèm vizyon ki pa korije ka rann li difisil pou pitit ou aprann li, fè devwa lekòl li, osinon jwi aktivite jwèt, espò, ak kèk lòt aktivite ankò.

Mwen pa genyen yon doktè je, kilès mwen dwe rele?

- Mande enfimyè lekòl pitit ou an, pedyat la, oswa yon sant sante lokal pou referans yon doktè je ki pran swen jèn timoun epi ki asepte asirans medikal pitit ou an.
- Pou yon anyè doktè je sou entènèt konsilte:
<https://www.maoptometry.org/find-a-doctor.html>
<http://mseps.org/referral-directory-by-area-2/>
- Doktè je Massachusetts ki aksepte Massès ak trete timoun ki poko gen 5 an:
<https://childrensvision.preventblindness.org/cvma-resources>

Èske asirans medikal pitit mwen an ap peye pou yon egzamen je ansanm ak linèt pou pitit mwen an?

- Anpil PLAN ASIRANS MEDIKAL “**MASS HEALTH**” ap peye pou egzamen je ak linèt pou yon timoun, epi ranplase yon linèt si pitit ou an ta kraze oswa pèdi l. Anpil asirans prive peye pou swen medikal je pou timoun.

Ki sa m dwe fè si plan asirans pitit mwen an pa peye pou yon egzamen je ak/oswa yon linèt?

- Kontakte Paulette Tattersall, ki fè pati “Prevent Blindness Northeast Region” (ki vle di: “Fè Prevansyon kont Avègleman nan Rejyon Nòdèst La”) ptattersall@preventblindness.org

Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon sou vizyon timoun?

www.childrensvisionmassachusetts.org

www.preventblindness.org